



PWOGRAM ASISTANS DIJANS POU LWAYE 2.3 (ERAP 2.3)

KESYON YO POZE SOUVAN (FAQS) SOU ERAP2.3 KONTE MIAMI-DADE LA

KISA YO RELE ERAP2.3 A?

ERAP2.3 vle di Pwogram Asistans Dijans pou Lwaye. Se Konte Miami-Dade ki patwone li epi li fèt pou ede fanmi ki gen pwoblèm peye lwaye akòz pandemi COVID-19 la.

E KONSÈNAN PWOGRAM ERAP ANVAN YO?

ERAP 1 ak 2 te administre ak fini an 2020. ERAP 2.3 se menm jan ak pwogram anvan yo, men gen diferans enpòtan.

ÈSKE MWEN KALIFYE POU APLIKE?

ERAP 2.3 va aksepte aplikasyon pou rezidan Konte Miami-Dade. ERAP 2.3 pap kapab ede rezidan Vil Miami ak Vil Hialeah paske vil sa yo te resewa finansman apa ki soti nan men gouvènman ameriken an. Rezidan ki abite nan vil sa yo dwe aplike dirèkteman nan vil respektif yo pou asistans pou lwaye.

-EPI-

Ou pa kapab peye tout lwaye mansyèl ou pou pwoblèm lajan akòz COVID-19

-EPI-

Revni fanmi lakay ou pa depase katreven pousan (80%) limit Revni Familyal Medyan Rejyonal la pou 2020 nan Konte Miami-Dade, Zòn Estatistik Metwopoliten (MSA) Florid la pou ERAP 2.3

**Kategori Limit sou Revni pou
2020**

Kantite Moun nan Kay la	1	2	3	4	5	6	7	8
Revni pa Ane a 80% AMI	\$51,200	\$58,500	\$65,800	\$73,100	\$78,950	\$84,800	\$90,650	\$95,500
Revni pa Ane a 50% AMI	\$32,000	\$36,600	\$41,150	\$45,700	\$49,400	\$53,050	\$56,700	\$60,350

-EPI-

Dwe gen yon kontra lwaye ki siyen ant ou menm ak mèt kay la (pwopriyetè a)

-EPI-

Ou dwe sètifye fanmi w pa resewa ni li pat resevwa okenn lòt sibvansyon oswa asistans pou lwaye pou peryòd yo ap fè demann pou li an (Egzanp: Sibvansyon pou Chwa Lojman (Seksyon 8), Sibvansyon pou Inifikasyon Fanmi (Family Unification Voucher (FUP), Lojman Sipèvize pou Ansyen Konbatan (Veteran Affairs Supportive Housing, VASH), Sibvansyon Jeneral (Mainstream Voucher), Seksyon 8 baze sou Pwojè (Project-based Section 8), Asistans pou Lwaye baze sou Pwojè (Project-based Rental Assistance), Lojman Piblik (Public Housing), Assistans pou Lwaye Baze sou Lokatè HOME (HOME Tenant Based Rental Assistance), sibvansyon pou lwaye Sekans Swen (Continuum of Care), Emergency Solutions Grant/HAND lòt pwogram asistans pou lwaye gouvènman an ki gen pou wè ak COVID-19, elatriye). Otremandi: ou pa ka gen de asistans.

KILÈ YO AP AKSEPTE DEMANN SIBVANSYON YO?

Pwosesis aplikasyon an ap kòmanse a 9:00 a.m. nan lendi, 1ye mas 2021, epi fini a 5:00 p.m. lendi 15 mas 2021.

KIJAN MWEN KAPAB SOUMÈT APLIKASYON MWEN?

Apati 1ye mas 2021, fòmilè demann yo ap disponib sou entènèt nan:

<https://www.miamidade.gov/global/housing/home.page>

Sepandan, si w pa kapab ale sou entènèt pou fè demann nan oswa si w pa gen adrès imel, ap gen demann sou papyè disponib nan:

Northern Miami-Dade County:
Victory Homes

520 N.W. 75th Street
Miami, Florida

Central Miami-Dade County:

Donn Gardens
1861 N.W. 28th Street
Miami, Florida

Southern Miami-Dade County:

Homestead Gardens
1542 S.W. 4th Street
Homestead, Florida

West Miami-Dade County:

Lakeside Towers
7555 S.W. 152nd Avenue
Miami, Florida

4 kote ki endike anwo a ap louvri pou sèvis nan machin sèlman. Ou ka pase chèche yon aplikasyon epi depoze aplikasyon an tou ranpli soti 9:00 a.m. jiska 5:00 p.m. lendi 1ye mas 2021 pou lendi 15 Mas 2021.

Lè w depoze demann ou an sou papye se yon risk w ap pran paske gen plis chans **erè ak diskalifikasyon. NOU REKÒMANDE SERYEZMAN POU W RANPLI AK SOUMÈT DEMANN OU AN SOU ENTÈNÈT.**

Mèt kay

Nou ankouraje mèt kay yo pou yo kontakte pwogram lan nan LandlordsERAP@miamidade.gov oswa rele (phone number) pou refere lokatè ki anreta nan lwaye yo. Nou va kontakte ou menm ak lokatè a (yo), epi nou va detèmine kijan nou ka ede ou menm ak lokatè a. Ou dwe kontakte pwogram lan pandan menm peryòd yo te note pi wo a. Ant 9:00 a.m. ak 5:00 p.m., apati lendi 1ye mas 2021 pou 15 mas 2021.

NAN KI LÒD YO VARESEVWA APLIKASYON YO?

Nou va bay tout aplikasyon yon nimewo owaza ki va detèmine lòd yo va revize aplikasyon yo. Yon fwa yo rive sou nimewo aplikasyon ou lan epi li detèmine ke ou ranpli kondisyon preliminè yo, nou va kontakte ou pou soumèt dokiman ki apwopriye pou konplete kalifikasyon an.

KI DOKIMANTASYON YO AP MANDE MWEN BAY LÈ YO FIN KONTAKTE M?

- Prèw COVID-19 ba w pwoblèm lajan (egzanp, lèt revokasyon, demann endanmnite chomaj, elatriye)
- Kontra lwaye ou genyen kounye a
- Pyès idantite chèf fanmi an ki gen foto l gouvènman an bay
- Idantifikasyon pou chak moun ki rete nan kay la, ak nesans oswa dosye enskripsyon nan lekòl akseptab pou minè
- Prèw revni kounye a pou tout moun ki rete nan kay la (dènye souch chèk yo, lèt revokasyon, lèt endanmnite chomaj, relve kontribisyon, elatriye)
- Si sa aplikab, enfòmasyon dapui pou plis mwa asistans (gran liv mèt kote w rete a ki montre montan lwaye ou dwe kounye a, bòdwo lwaye, oswa avi sou lwaye ou dwe ki montre balans lwaye ou dwe a, elatriye)
- Yon fòm (afidavi) Konte a pral bay ke tout granmoun nan fanmi an dwe siyen ki sètifye enfòmasyon ki nan demann sibvansyon an vre dapre sa nou konnen epi nou pa gen lòt asistans deja (jan sa dekri pi wo a). Afidavi a sèvi tou kòm otorizasyon pou bay enfòmasyon, jwenn enfòmasyon, epi pou fè w konnen ke sòf pou enfòmasyon pèsònèl, gen pati nan demann sibvansyon an ki sijè a lwa sou divulgasyon dosye piblik Eta Florida a.

KI DOKIMAN MÈT KAY YO DWE BAY?

Konte a va kontakte mèt kay yo pou asire mèt kay la bay yon fòm federal "W-9". Konte a ka travay tou avèk mèt kay la pou ede avèk lòt dokiman ki pou ede lokatè ki ap aplike a nan apwobasyon pou asistans lwaye a.

NAN KI DELÈ FANMI YO AK MÈT KAY YO DWE BAY DOKIMAN YO MANDE YO?

Si yon anplwaye Konte Miami-Dade kontakte w pou mande w plis dokimantasyon, w ap gen karantuit èdtan pou voye dokiman yo mande yo nan adrès imel ERAP@miamidade.gov. Tout imel yo **dwe** gen non kandida a ak nimewo demann sibvansyon an.

Apa sa, ou te mèt depoze **kopi** dokiman verifikasyon yo mande yo nan lokal pi wo a, men sa pa rekòmande. Orè biwo a soti lendi rive vandredi ant 8:00 a.m. e 5:00 p.m.

Yo pap aksepte dokiman orijinal, e yo pap fè kopi nan kote pou depoze dokiman yo.

KI LÈ MWEN AP KONNEN SI YO APWOUVE M POU RESEVWA SIBVANSYON?

Yo ap fè w konnen pa imel si yo apwouve w oswa pa apwouve w pou sibvansyon.

KI MONTAN MAKSIMÒM ASISTANS LWAYE MWEN KA RESEVWA PA MWA?

Asistans pou lwaye a va baze sou pi piti pri lwaye mansyèl la a oswa ale jiska \$3,000 chak mwa.

MWEN AN RETA PLIZYÈ MWA SOU LWAYE MWEN. ÈSKE MWEN KA RESEVWA ÈD ADISYONÈL

Ou ka elijib pou peman aryere lwaye pou yon maksimòm 12 mwa (ERAP 2.3 pa ka ede ak aryere lwaye pou mwa anvan Mas 2020). Si sa aplikab, enfòmasyon sipò pou mwa adisyonèl asistans ap obligatwa (dokiman kontab mèt kay la ap montre kantite lajan lwaye ou dwe kounye a, relve lwaye, avi ki montre balans lwaye ou dwe, elatriye).

ÈSKE MWEN KA RESEVWA ASISTANS POU PWOCHEN LWAYE?

Fanmi nan kay la ki kalifye ka resevwa yon lòt 3 mwa asistans pou lwaye si sa nesèsè pou asire estabilite lojman si pa gen lajan ki disponib.

MWEN TE JWENN ASISTANS POU LWAYE NAN PWOGRAM ERAP ANVAN KONTE MIAMI-DADE LA. ÈSKE MWEN KA APLIKE POU ERAP 2.3?

Wi, si w bezwen plis asistans ou te mèt fè demann pou ERAP2.3. Sepandan, ou pap resevwa asistans pou mwa lwaye yo te ba w sibvansyon pou yo deja.

KONBYEN TAN SA AP PRAN POU MOUN RESEVWA ASISTANS?

Apwobasyon yo ta dwe finalize pa pi ta pase fen mwa out 2021, men yo ka pran plis tan selon kantite aplikasyon nou resevwa yo.

KIJAN AK KI LÈ Y AP AVÈTI MÈT KOTE M RETE A?

PHCD ap kontakte mèt kay pa imel oswa pa telefòn.

KIYÈS KI AP RESEVWA PEMAN ASISTANS POU LWAYE A?

Peman asistans pou lwaye a ap poste dirèkteman bay mèt kay la ak adrès mèt kay ou a bay sou Fòm W-9 la.

E SI MÈT KOTE M RETE A PA DAKÒ PATISIPE?

Nan ka sa a, nou pap travay sou demann sibvansyon w lan. PHCD ap fè w konnen si sa rive.

ÈSKE MWEN AP JWENN YON MOUN POU M PALE SI M GEN LÒT KESYON SOU PWOGRAM NAN?

Wi. Ou ka kontakte Depatman Lojman Piblik ak Devlopman Kominotè Konte Miami-Dade la (Department of Public Housing and Community Development, PHCD) nan **(305) 723-1815** ant 8:00 a.m. e 5:00 p.m. apati 1ye mas 2021. Ou ka voye kesyon pa imel tou nan ERAP@miamidade.gov.

Genyen tou yon adrès imel kontak pou mèt kay LandlordsERAP@miamidade.gov ak nimewo telefòn 786-688-2440 ke mèt kay yo ka itilize.